सुन्दर स्वपन सजल रहे जल ढारे के मन भईल

सुन्दर स्वपन सजल रहे,
जल ढारे के मन भईल,
सावन में कावर लेके बाबा,
आबे के मन भईल।bd।

काहे के हमके दुखबा,
दिहला ए भोलेदानी,
चाह के रौउरा शरण मे हम त,
नईखे आवा तानी,
नईखे आवा तानी,
मन के हमार बतिया,
मन मे ही रह गईल,
सावन मे कांवर लेके बाबा,
आबे के मन भईल।bd।

राउर बा महिमा भारी,
सब जानेला शंभू दानी,
सबके बिगड़ी बनावेला,
तु हमके बनाईदा त जानी,
हमके बनाईदा त जानी,
बा बहुते आस तोहसे,
मन मनही मे खुश भईल,
सावन मे कांवर लेके बाबा,
आबे के मन भईल।bd।

सुन्दर स्वपन सजल रहे,
जल ढारे के मन भईल,
सावन में कावर लेके बाबा,
आबे के मन भईल।bd।

Singer / Upload – Shailesh Singh
9631359468

समस्त भजनों के लिरिक्स और विडियो बिना इन्टरनेट के भी अपने मोबाइल में देखने के लिए गूगल प्ले स्टोर या एप्पल एप्प स्टोर से 'भजन डायरी एप्प' जरुर इनस्टॉल करे। वेबसाइट - https://www.bhajandiary.com